



*'Mèt, Mèt, louvri pou nou !' Men msye marye a reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: m' pa konnen nou. Apre sa, Jezi di yo: Se poutèt sa, pa kite dòmi pran nou, paske, nou pa konnen ni ki jou, ni ki lè sa va rive.*

**Matye 25 : 11-13**

Frè-m ak Sè-m nan Jezi-Kris :

Nan trant dezyèm dimanch tan òdinè, nou tande Levagil San Matye, kote Jezi mande nou *'pa kite dòmi pran nou,* pou nou swiv Bondye avèk a la fwa e pou nou pa pè enseye non li. Li enpòtan ke nou pote atansyon a levagil sa-a, rete kole ak sè ak frè nou ki nan Jezi-Kris e ki nan bezwen. Nou pa kapab rete nan plezi chak jou san nou pa voye je sou pèp Bondye-a. Nan fen semèn 5ak 6 Novanb-nan mwen mande nou reponn avèk anpil generozite nan dezyèm kèt kap fèt pou Charite Katolik nan Santral Florida.

Akòz sipò-w pandan ane sa-a, Charite Katolik nan Santral Florida patisipe kom nimerò en (1) nan dezyèm gwoup moun ki reponn a moun ki te afekte pa dezast natirel e yo se premye ajans sèvis sosyal nan Santral Florida. Malgre Apel Katolik ki fèt chak ane ansanm avèk kanpayn *Viv nan Kris* e ki sipòte Charite Katolik nan Santral Florida, dezyèm kèt sa-a ap sèvi dirèkteman pou bay asistans pou moun ki nan bezwen. Fon sa-a ap ede pòv kap travay peye kay, kouran ak dlo, lwaye, manje avèk tout lòt nesosite ki pou kenbe non sèlman yon kay, men yon fanmi ansanb nan moman difisil.

Nan rejyon central, yon dam 45-kan ki andikape pèdi manman-l, sè-l ak frè-l nan mem ane-a, e li te gen anpil dèt ak depans ki depase lajan li rantre pou mwa-a. Lanmou-w te pèmèt li jere depans li yo, soti nan yon move sitiyasyon e pèmèt li jwen yo ti tavy.

Nan rejyon nò, yon papa san madanm avèk twa timoun te jwen èd pou peye dlo ak kouran aprè-l te jwen referans Charite Katolik. Pandan tan sa-a li te pèdi travay li nan pwofesyon paramedikal. Pèyman sa te enpòtan pou li paske yon nan timoun li yo te bezwen yon machin pou-l respire ki sèvi ak kouran. Ou bay fanmi sa-a espwa.

Na rejyon wès, ou te pote konfò avèk jwa bay yon coup aje ki andikape, ki te resevwa asistans pou peye lwaye kay ak kouran. Kounya yo mande pou yo vini volontè pou Charite Katolik nan Santral Florida pake nou te ede yo lè « lòt moun pate ede nou nan move jou yo. »

Nan rejyon ès, yon mesye nan dezaj kase pye-l lè-l sot tonbe. Li te nan yon kay pou yon ti tan. Ou bali yon kado gerizon avèk donasyon-w. Li jwen swen medikal e jodia li jwen yon travay avèk yon kay ke li kapab peye.

Nan rejyon sid, yon fanmi senk moun vin abite nan Santral Florida akòz travay papa-a. Le yo rive isit-la yo jwen nouvèl pozisyon-an elimine. Generozite-w pèmèt fanmi sa-a peye lwaye kay jis kaske papa-a vin jwen yon lòt pozisyon. Kounya manman jwen yon ti travay e fanmi-an gen stabilite-l.

Gen yon pakèt lòt istwa moun ki nan bezwen e ki fè fas ak Bondye akòz generosite-w. Tande pawòl Granmèt-la *'pa kite dòmi pran nou'* pou Bondye kapab rekonèt bon travay ou yo, e lap ouvri pòt la pou ou pake ou te ouvè-l pou moun ki pat kapab yo. Mwen di-w mesi pou kontribisyon-w ou bay Charite Katolik nan kèt fen semèn 5ak 6 Novanb-nan.

Senseman nan Kris

Monsenyè John Noonan

Evèk Orlando